# ДЖАКОМО ПУЧЧИНИ ӨМИРИ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИК ЖОЛЫ (1858-1924)

**М.Б.Насыров** – *үлкен оқытыўшы*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeнят институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлери:** дөретиўшилик активлик, опера, музыка тарийхы.
**Ключевые слова:** творческая деятельность, опера, история музыка.
**Keywords:** creative work, opera, history of music.

Итальян операсы композиторы, органист, хормейстер Джакомо Пуччиниди соңғы уллы опера композиторы деп атайды. Оның дебют операсы Вердиниң «Фальстаф» операсы менен бир айда презентациясы болып өткен. Соның менен бирге, белгили уста театрдың айрықша сезимине ийе болып, опера музыкасы ҳәм оның ҳәрекети де әлбетте бир пүтинликте болыўы ҳәм шығарманың бирден-бир үнлеслиги гармониясына бойсыныўы керек, деп есаплады. Базы бир изертлеўшилер Пуччини Вердийден кейин ең уллы итальян опера композиторы деп атайды. Джакомо Пуччини жоқары ҳәм мазмунлы турмысты жасап өтти. Оның тәғдир жолларында трагедия да, күлкили ўақыялар да, қайғылы жағдайлар да
болып өткен. Қадаған етилген муҳаббат, өлим қәўпи, тәғдир турақсызлығын жеңип өтиў - булардың ҳәммеси Пуччинидиң өмиринде бар еди.

Қәҳәрли офицерлер, жаман нийетли маликалар, қыянеткер полицияшылар, қызғаншақ опера қосықшылары сыяқлы персонажлар оның операларында көп екенлиги бийкарға емес, Джакомо Пуччини көз алдындағы өзлерин өлим шегарасына алып барған белгили зыянкес-принцесс Турандот, бийазар ҳәм бойсыныўшы Баттерфляй ханым образлары өмирде өз прототиплерине ийе.

1858-жылы Италияның Лукка қаласы, Пуччинилер музыкантлар династиясы болған Микеле Пуччини ҳәм Альбина Маджилар шаңарағында туңғыш перзент дүньяға келди. Оған ата-бабалары ҳүрметине Джакомо Антонио Доменико Микеле Секондо Мария деп ат қойды. Джакомо 5 жасқа толғанда әкеси Микеле Пуччини ҳәмиледар ҳаялы ҳәм Джакомодан басқа және 6 қызын жетим қалдырып, мезгилсиз қайтыс болады. Шаңарақтың тийкарғы үмити ҳәм тәрбиясы 5 жасар Джакомо болды. Альбинаның әжағасы Фортуна Маджи капелла жанында органист ҳәм басшы болып ислейтуғын еди, оннан тысқары музыка лицейинде оқытыўшылық



еткен ҳәм Джакомоның биринши устазы болған еди.

Жас Джакомоны Луккадағы музыка мектебине оқыўға береди. Муғаллимлер мудамы сабырлы ҳәм қулақсыз Джакомодан арыз ететуғын еди. 10 жасында Джакомо ширкеў хорында қосықшы, органист болып жүрген ўақытларында орган трубаларын бузып, металлоломға тапсырады, оннан түскен пулларға сигарет сатып алар еди, орган трубалары жетиспеўшилигин билдирмеслик ҳәм жүз берген урлықты бекитиў мақсетинде органда жазылатуғын гимн намаларының аккордын қайтадан басқаша жазар еди.

1876-жылы оның келешегин түп-тийкарынан өзгерткен ўақыя жүз берди. Бир-еки дослары менен олар Вердиниң «Аида» операсын тыңлаў ушын Луккадан Пизаға шекем дерлик 40 километр жол басып өтеди. Усы ўақыттан баслап Джакомо оның кәсиби музыкалы театр, опера екенлигин түсинди.

Верди сыяқлы, Пуччини де Милан консерваториясына оқыўға тапсырған ўақтында жасын шеклеў машқаласына дус келди, бирақ Вердиден өзгеше, оның қәбилети қанаатландырарлы деп табылды ҳәм 1880-жылы Пуччини Милан консерваториясына қабыл етиледи. Оқыў төлемин олардың шаңарағына ғамхорлық еткен үлкен ағасы Николао Черу төлейди. Төрт жыл даўамында Пуччини Милан консерваториясында билим алды. 1882-жылы бир актли опералар таңлаўында қатнасты. Биринши сыйлықты қолға киргизе алмаған оның «Виллислар» операсы 1884-жылы Дал Верма театрында қойылған. Бул опера партитураларды баспадан шығарыўға қәнигелескен абырайлы баспахана

басшысы Джулио Рикордидиң итибарын тартты. Рикорди Пуччиниге жаңа опера ушын буйыртпа берди. Бул «Эдгар» операсы еди.

Оның 1893-жылы жуўмақланған үшинши операсы «Манон Леско» үлкен табысқа еристи. Рихард Вагнердиң айқын тәсирине қарамастан, Пуччини таланты усы операда дерлик өзиниң әжайыплығы менен көринди. Тап усы опера Пуччинидиң либреттистлери Луижи Иллика ҳәм Жузеппе Жакоза менен жумыс баслағанлығын аңлатады.

Пуччинидиң гезектеги Анри Мюрже романы тийкарында жазылған «Богема» операсы Пучччиниге дүнья көлеминде даңқ, атақ келтирди. Соның менен бирге, Ружеро Леонкавалло тәрепинен тап усы атамадағы ҳәм тап усы романға тийкарланған опера жазылған еди, нәтийжеде еки композитор ортасында қарама-қарсылық жүзеге келди ҳәм олар қатнасықты тоқтатты.

Миланда Джакомо музыка баспаханасы Джулио Рикорди менен танысады, ол сол ўақыттан берли оның дерлик барлық шығармаларын басып шығарған. Оның биринши операсы узақ күтилген табысынан бир ярым ай өткеннен кейин, үйинен қайғылы хабар келеди - композитордың анасы Альбина Маджи ханым рак кеселлигинен қайтыс болған еди. Улының белгили композитор болып жетисиўинде ҳеш нәрсени аямаған Альбина ханым Джакомо ушын жүдә қәдирли еди. 1886-жылы декабрьде болса Джакомониң баласы Антонио туўылды. Оның анасы Эльвира Бонтури Луккалы саўдагерге үйленген болып, оның әлле қашан-ақ бир қызы ҳәм бир баласы бар еди. Эльвира Бонтури күйеўин таслап, өзи менен қызы Фосканы алып кетеди ҳәм баласы Ренатоны болса атасына қалдырады.

Балалы болған бул еки жуплықты Пуччинидиң апасы үйине қабыл етти. Бирақ Луккадағы жағдай аўырласып, белгили Пуччинидиң турмыс қурған хаял менен нызамсыз қатнасықлары пүткил қалада тартысқа себеп болған еди. Ҳәттеки Джакомонның Черу ағасы да консерваториядағы оқыўға киргизилген пулын қайтарыўды талап етти. Тилекке қарсы, Пуччинидиң гезектеги операсы әўметсизликке ушырады. Ижараға алынған квартиралар әтирапында айланып жүрген жыллары тек 1891-жылы, композитор Торре-дель-Лагодағы вилланы ижараға алып, кейин-ала оны сатып алғанында ижара үйлерине көшип жүриў әўерегершилиги жуўмағына жетти. 1893-жылы, «Манон Леско» операсының үлкен табысынан соң, Пуччинилер шаңарағы мүтәжликтен қутылды, енди олар қымбатлы сатып алатуғын дәрежеге жетискен еди. Мысалы, композитор ең сүйикли машиналарын сатып ала баслады. Арадан 17 жыл өтип, 1904-жыл январь айында Эльвираның күйеўи қайтыс болғаннан кейин, Пуччини ҳәм Эьлвира Бонтури некелерин нызамлы дизимнен өткерди. Бул дәўирге шекем болса Пуччинидиң баласы Антонио анасының биринши турмыс жолдасы фамилиясында болған.

Әсир басында Джакомо Пуччини дүньядағы ең белгили композиторға айланды, оның оперoccалары 4 континентте атқарылған. Маэстро Египет ҳәм Уллы Британия, АҚШ ҳәм Аргентина, Уругвай ҳәм Венгрияда өзиниң оперaлары көргизбесине барды.

### *ЭЛЬВИРА, МЕНИҢ ЖҮРЕГИМ ЖАНБАҚТА!*

Анасы Альбина Маджи ханымның қайтыс болыўы себепли Луккаға қайтқан Пуччинидиң жерлеў мәресимин өткерди, апасиңлилерине тәселле берди, мал-мүлкин сатып жиберди. Миланның дослары Пуччинидиң Миланға қайтып келмей атырғанлығына ҳайран қалар еди. Джакомо Пуччини өзиниң классласы болған Нарциссо Жеминьянидиң өмирлик жолдасы, оқымыслы, бәрқулла сулыў кийинген Эльвира Бонтури Жеминьяни сүйип қалған еди. Луккалы саўдагер Нарцисо Жеминьяни Пуччинидиң өмирлик жолдасына фортепианодан сабақ бериў ушын жаллаған еди. Нәтийжеде, композитор ҳәм ерли ҳаял бир-бирин сүйип қалды.

Тәбийғый түрде, өсекшилер ушын бул қатнасықлар үлкен азық болды. Апа-сиңлиси Пуччинилер оннан шаңарақтың абырайына дақ түспеслигин сорайтуғын еди, Пуччини болса күнделикли гәпке бойсынбайтуғын еди. Күнлер өтип, Эльвира ҳәмиледар болды. 1886-жылдың гүзинде үлкен жәнжел басланды, ашық-машықлар қаладан қашып кетти. Эльвира Бонтури баласы Ренатоны ғәзепленген күйеўине қалдырып, қызы Фосканы өзи менен бирге алып кетти. Неке анты үрп-әдетлерин қорғаўшы Лукка қаласы қорқынышлы жағдайда еди. Пуччинидиң апақарындаслары шерменделиктен өзлерин қаяққа қоярға жай таба алмай қалды. Өзи де үлгили минез-қулыққа ийе болмаған, ғәзепленген Нарцисо Жеминьянидиң қорқытыўлары еки ашық-машықларды турақлы жасаў орынларын өзгертиўге мәжбүр ететуғын

еди. Ақырында, арадан 17 жыл өтип, 1904-жылы Нарцисо Жеминьянидиң қайтыс болғаннан кейин, Эльвира Бонтури жесирге айланды ҳәм Пуччини менен некесин рәсмий дизимге алды.

Барлық қызығыўшылықлар, нызамсыз улының туўылыўы, туўысқанлары менен болған шексиз тартыслар Пуччинидиң кейинги операсының пайда болыўын кешиктирди. «Эдгар» операсы тек 1889-жылы көрсетилгенде ғана, бул операдан тамашагөйлердиң кеўли толған ҳәм ҳеш қашан қайта тикленбеген еди. Баспахана басшысы Джулио Рикорди болса Пуччиниден бас тартпады. Ол оған және жаңа опера ушын буйыртпа береди ҳәм композитор «Манон Леско» операсы үстинде ислей баслайды.

Тынышлық ҳәм жалғызлық излеп, Пуччини теңиз бойындағы Торре-дель-Лаго аўылында жасаўды мақул көрди. Ол тынышлықты, жалғызлықты ҳәм балық аўлаўды жақсы көретуғын еди. Ал Эльвира болса, керисинше, шаўқымлықты, қызғын қала турмысын жақтыратуғын еди.

«Манон Леско» операсының презентациясы 1893-жылы болып өтти ҳәм бул Пуччини дөретиўшилигиндеги биринши табысы еди. «Манон Леско» операсынан кейин, 1896-жылы және де мазмунлы «Богема» ҳәм 1900-жылы «Тоска» опералары пайда болды. Опера авторы ушын қаржы дәрья сыяқлы ағады ҳәм Пуччини оларды қалай жумсаўды билетуғын еди. Ол әжайып костюмлар, шляпалар ҳәм аяқ кийимлер сатып алады, бири екиншисинен қолайлырақ жайлар қурады, машиналар менен байланыслы барлық нәрсени жақсы көргени ушын ҳәўесли автомобильшиге айланды.

Мақсетке муўапық, пул ҳәм табыс Эльвираны қуўандырыўы керек еди, бирақ ҳеш нәрсе оған жақпайтуғын еди. Турмыстың қыйыншылықлары ҳәм туўысқанлары менен болған тартысыўлар Эльвираны ашыўшақ ҳәм қызғаншақ ҳаялға айландырды.

Бул ўақытқа келип Пуччини өзи атаған «Киши бағларым» жеке жумысы менен шуғылланыўды баслады, «киши бағларым»дағы гүллер гүллеп-жаснап атырған «Манон Леско», «Богема», «Тоска» операларының тийкарғы рольлерин атқарыўшы қосықшылары болып, олар Хариклея Даркле Сезира Феррари еди. Эльвира Бонтуридиң қызғаныўы ушын себеп бар еди. 1900-жылы Пуччини Коринна атлы жас ҳаялды сүйип қалды. Коринна қосықшы емес, ал 20 жасар ҳуқық оқытыўшысы болып, Пуччини менен поездта танысқан еди. Айырым мағлыўматларға қарағанда, Пуччини өзи ҳәм шаңарағы жасайтуғын алыс Торре-дел-Лаго шетки аўылынан сырлы бир үй сатып алып берген екен.

Мери Жейн-Матцтың Пуччини ҳаққында жазған биографиясында Коринна бойдақ болған Пуччиниге меҳир-муҳаббатқа толы, тыныш өмир үмитиу берип, турмыс қурыў усынысын берген. Эльвира менен ортасындағы турақлы тартысыўлардан шаршаған Пуччини, Кориннаға үйлениўи мүмкин еди. Бул қатнасықлардан хабардар болған Эльвира, баспахана басшысы Рикорди, ҳәм Пуччинидиң апа-сиңлилери Пуччиниди Кориннадан ўаз кешип, Эльвираға үйлениўге көндириўге ҳәрекет етти.1903-жылдың бәҳәр айларында Пуччинидиң досты Луижи Пьери арқалы Кориннаға мүнәсибетлери үзилгенлиги ҳаққында хабар береди, мүнәсибетлердиң өз-ара тартысыўы бираз ўақыт даўам етти, өз нәўбетинде Коринна Пуччинидиң муҳаббат хатларын дәлиллеп, судқа даўа арзасын береди. Ол дәўирлерде қәуип-қәтер аўыр болып, Пуччини альтернатив сыпатында Швейцарияға қамаққа жиберилиўи мүмкин еди. Ортаға түскен көплеген Пуччинидиң дослары, адвокатларының жәрдеминде Коринна жағдайын материаллық қаржы тәрепинен шешиў усынысына келисим береди.

Бир ўақытлары Пуччини менен Эльвира, баласы Антонио ҳәм шофёры менен думанлы кеште машинада кетип баратырғанда шофёр бурылыўды сезбей қалды, машина салмаға түсип, аўдарылып кетти. Эльвира менен Антонио жеңил жарақатланған, шофёр болса аяғын сындырып алған еди. Пуччини болса ҳеш жерден табылмады. Ақыр-ақыбет есин жоғалткан композитордың аяғы езилип, машина астынан табылған. Шақырылған шыпакер композитордың аяқ сүйеги сынғанлығын айтқан. Пуччини көп ай даўамында төсекте жатты ҳәм кейин өмириниң ақырына шекем ҳаса менен жүрди.

1909-жылы болса күтилмеген аянышлы ўақыя жүз берди. Пуччинилер шаңарағының хызметкери Дориа Манфреди өз жанына қастыянлық қылған. Бундай ҳәрекетке Эльвираның хызметкер қыз ҳәм өмирлик жолдасы менен мүнәсибетлери ҳаққындағы гүманлары себеп болған еди. Автомобиль авариясынан кейин өзине келип атырған Пуччини ушын 16 жасар, жәрдемге мүтәж шаңарақтың қызы болған Дориа Манфредийди хызметкер сыпатында жумысқа жаллайды.

Пуччинилер шаңарағында хызмет ислеп атырған қыз бир күнлери Эльвираның қызы болған Фосканың басқа бир еркек пенен болған ышқый қатнасына тосыннан гүўа болады, сырын билип қалған хызметкерден қутылыў ушын Фоска анасы Эльвираға «хызметкер Дориа ҳәм өгей атасы Джакомолар арасында ышқый қатнасық бар екенлиги» ҳаққында өтириклерди айтып анасының мийин зәҳәрлеўди баслайды. Пуччини саўалып кеткеннен соң, Пуччинилер шаңарағында хызмет етиўди даўам етип атырған Дориа Эльвира ушын күйеўиниң кеўилин аўлап атырған мәккар, гүманлы шахсқа айланады. Эльвира хызметкер қызға күн бермейтуғын еди, ҳәр бир жумысында оны масқара қылып күлетуғын еди ҳәм бир күни оны жумыстан босатып, қуўып жиберген еди, Бундай зулымлықларға шыдай алмайтуғын Дориа 1909-жылдың 23-январь айында қурамында зәҳәрли затлар болған дәри затларын ишип, 5 күн қыйналып, қайтыс болды. Өлиминен алдын анасына «Мени мыш-мышлар өлтирди, бирақ мен айыпсызбан» деп жан берди. Тексериў нәтийжелери Дорианың еркеклер менен байланысы болмағанлығы ҳәм пәк екенлиги анықланғаннан кейин, қыздың анасы ҳәм ағалары Эльвираны өтирик айтқаны ҳәм жала ушын судқа берди. Суд жуўмағына бола Эльвира айыплы деп табылды, ол 5 айға қамақ жазасына тартылды. Хызметкер қыздың шаңарағы менен болып өткен көплеген сөйлесиўлер нәтийжесинде, усы жәнжелди сапластырыў ушын Пуччини хызметкер қыздың шаңарағына үлкен муғдарда компенсация пул төледи. Усы ўақыттан кейин ол көп ўақытқа шекем өзине келе алмады.

1921-жылы композитор шаңарағы менен Виарежодағы жаңадан қурылған вилласына көшип өтти ҳәм еки жылдан кейин композиторда тамақ исиниўиниң дәслепки белгилери пайда болды. 1923-жылдың ақырында Тоскана сигарасы ҳәм сигаретлерин жақсы көретуғын Пуччини тамақ аўырыўынан арыз ете баслады. Оған тамақ ракы диагнозы қойылған ҳәм шыпакерлер Брюссельде жаңа экспериментал емлеў, радиотерапияны усыныс еткен.

1924-жил ноябрь айында Пуччини баласы басшылығында рак кеселлигине қарсы соңғы терапиясын алыў ушын Брюссельге барады. Операция үш ярым саат даўам етти, кейинги күнлерде маэстро зорға сөйледи, ол журнал оқыды ҳәм гейде бир нәрсе жазды. 29-ноябрь күни Пуччини тосаттан есинен кетти ҳәм саат 11.30 да есине келмей қайтыс болды.Онын өлими ҳаққындағы хабар Римде «Богема» операсы атқарылып атырған ўақытта жетип келди, опера атқарылыўы тоқтатылып, Шопенниң «Мотам маршы» атқарылды. Джакомо Пуччини Миланда жерленди, жыллар өтип, композитордың мазары Торо-дел-Лаго қалашасындағы Пуччини вилласына алып өтилди.

**Джакомо Пуччини ҳаққында қызықлы фактлер:**

Пуччини «Мадам Баттерфляй» операсын өзиниң ең сүйикли операсы деп билген, «Манон Леско» операсы болса оның екинши сүйикли операсы есапланады.

Пуччини дүньяда ең көп атқарылған опера композиторлары арасында Верди ҳәм Моцарттан кейин үшинши орында турады. Оның ең белгили шығармасы «Богема» 4-орында туратуғын опера болып табылады. Жәҳән топ-10 лығында, сондай-ақ, «Тоска» ҳәм «Мадам Баттерфляй» опералары 5-6-орынларды ийелеген.

Заманласлары тәрийипилегениндей, Эльвира Бонтури әжайып ҳаял еди, бирақ аўыр характерге ийе, қатал, гүманшыл, тез-тез ашыўшақ ҳаял еди, Пуччини болса керисинше жумсақ тәбиятлы ҳәм оптимист еди. Оны көрген заманласлары шырайлы, бийик бойлы, кең ийинли, жағымлы жумсақ даўыслы ҳәм бәрқулла сулыў кийинген деп есаплаған.

Пуччини автомобильлер ышқыпазы болып, оның үй гаражында 15 түрдеги автомобильлери бар еди.

Пуччинидиң соңғы «Турандот» операсы композитордың өлими себепли өз жуўмағына жетпеген еди ҳәм оны 1926-жылы Ф.Альфано ақырына шекем питкерди. 1926-жылы Италияның «Ла-Скала» театрында презентациясы болып өткен «Турандот» операсына дирижёрлық еткен белгили дирижёр Артуро Тоскани операның финалын алды, соңғы актте дирижёрлық таяқшаларын пультқа қойып «Бул жерде маэстро Пуччини қәлеми өлим себепли жазыўды тоқтатқан» деп залдан шықты. Перделер жабылды, тамашагөйлер залы - суў қуйғандай тымтырыс еди. Бираз дем алғаннан соң, тамашагөйлер залды таслап кетти. Опера ертеңги күни толық көрсетилди.

Джакомо Пуччини опералары:

- 1884 - "Виллиси"
- 1889 - "Едгар"
- 1893 - "Манон Леско"
- 1896 - "Богема"
- 1900 - "Тоска"

- 1904 - "Мадаме Баттерфляй"
- 1910-жыл - "Батыстан келген қыз"
- 1917-жил - "Ласточка"
- 1918-жил - "Триптих"
- 1926 - "Турандот"
- «Виллислер» (итал. Ле Вилли), 1884. Бир актли опера премьерасы 1884-жылы 31-майда Верма, Милан театрында болып өтти. Альфонсо Карраның усы атамадағы суў таслары ҳаққындағы гүррињинен.
- «Едгар» (итал. Эдгар), 1889. 4 актли опера премьерасы 1889-жылы 21-апрельде Милан қаласындағы «Ла Скала» театрында болып өтти. Альфред де Мюссенин «Ла Цоупе ет лес лѐврес» пьесасы тийкарында
- «Манон Леско» (итал. Манон Лесцаут), 1893. Операның премьерасы 1893-жылы 1-февральда Турин қаласындағы Регио театрында болып өтти. Аббат Превонның усы атлы романы бойынша
- «Богема» (итал. Ла боҳѐме), 1896. Операның премьерасы 1896-жылы 1-февральда Турин қаласындағы Регио театрында болып өтти. Анри Мюрженин "Сцѐнес де лавиеңие де Боҳеме" китабы бойынша
- «Тоска» (итал. Тосса), 1900. Операның премьерасы 1900-жылы 14-январьда Римдеги «Костанци» театрында болып өтти. Виктор Сардо «Ла Тосса» пьесасы тийкарында
- «Мадам Баттерфляй» (итал. Мадама Буттерфлй). Опера премьерасы 1904-жылы 17-февральда Милан қаласындағы «Ла Скала» театрында болып өтти. Девид Беласконың усы атлы пьесасы бойынша. Россияда опера «Чио-Чио-сан» аты менен де атқарылған.
- «Батыстан келген қыз» (итал. Ла фанциулла дел Ўест), 1910-жыл. Операның премьерасы 1910-жылы 10-декабрь күни Нью-Йорк қаласындағы Метрополитен опера театрында болып өтти. Д.Беласконың "Тҳе Гирл оф тҳе Голден Ўест" пьесасы бойынша.
- «Ласточка» (итал. Ла рондине), 1917. Опера премьерасы 1917-жылы 27-мартта Опера театрында, Монте-Карлода болып өтти.
- Триптих: «Плащ,» «Сестра Анжелика,» «Джанни Скикки» (итал. Ил Триттисо: Ил Табарро, Суор Ангелиса, Гианни Счисчи), 1918. Операның премьерасы 1918-жылы 14-декабрь күни Нью-Йорк қаласындағы Метрополитен опера театрында болып өтти.
- «Турандот» (итал. Турандот). Опера премьерасы 1926-жылы 25-мартта Милан қаласындағы «Ла Скала» театрында болып өтти. К.Гоццинин усы атлы пьесасы бойынша. Композитордың қайтыс болыўы мүнәсибети менен тамамланбай қалған, 1926-жылы Ф.Альфано тәрепинен тамамланған.

Жуўмақлап айтқанда опера - музыка, театр ҳәм визуал қабыл етиўди бирлестирген, тамашагөйди басқа дүньяларға өткериўге уқыплы болған өзине тән орталықты жаратыўшы көркем өнер. Италия веризминен баслап немец драмасы, француз романтизминен баслап, рус операларына шекем ҳәр бир бағдар өзиниң тәкирарланбас байлығы деп билемен.Дүнья көринислеринде өз дәўиринде белгили болыўы мүмкин болған шығармалар жаңлады. Жер шарының ҳәр бир мүйешинде өзиниң мәдений тамырларынан пайдаланып, дәстүрий опера шегараларын кеңейтип атырған атқарыўшыларымызды табыўымыз мүмкин. Заманагөй композиторлар классик көркем өнерди авангард пенен байланыстырып, жаңа түрлер, темалар ҳәм технологияларды изертлеп, жәмийеттиң әҳмийетли мәселелери менен резонанс пайда ететуғын оригиналлықты жаратпақта. Опера бүгинги күнде тек ғана эстрада емес, ал идея алмасыў майданы болып есапланады. Көплеген фестиваллар тамашагөйлерди өзине тартып, әдеттеги сюжет ҳәм музыкалық формаларға жаңаша көз-қарас бериўге ийтермелейди. Дүньяда опера мәдений көринисти байытып, тамашагөйлер жүрегинде өшпейтуғын из қалдырып, раўажланыўды даўам етпекте. Бүгинги күнде опера ең күтилмеген орынларда - өзине тән мәканлардан баслап, ашық майданшаларға шекем ушырасады. Опера көркем өнери дәстүрий театр шеңберлеринен шығып, кең аудиториялар ушын қолайлы болмақта. Бул тәжирийбелер классикалық шығармаларды жаңа талқылаўларда, жаңа визуал шешимлер ҳәм заманагөй технологияларға толы болған орталықта жасларды өзине тартпақта. Заманагөй опералар, интерактив постановкалар ҳәм көп тармақлы жойбарлар сыяқлы тамашагөйлер менен өз-ара мүнәсибеттиң жаңа түрлери тамашагөйлерге әпиўайы бақлаўшы емес, опера тәжирийбесиниң бир бөлеги болыў имканиятын береди. Сондай-ақ, опера көркем өнеринде глобалласыўдың әҳмийетин атап өтиў керек. Түрли мәмлекетлердиң опера труппалары биргеликтеги жойбарлар ушын бирлесип, өзине тән мәдений алмасыўларды жолға қоймақта. Бундай кеңейген горизонтлар тамашагөйлерге түрли дәстүрлер ҳәм мәдений келип шығыўлар менен байланысларды тиклеў имканиятын береди, опера ҳаққындағы универсал тил сыпатындағы өз түсиниклерин байытады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**
1. Данилевич, Л. В. Джакомо Пуччини [Текст] / Л. В. Данилевич. -
М.: Музыка, 1969 - 454 с.: ил., нота. (Жәҳән музыка классиклери
мәдениятьı).
2. Келдыш, Т. Г. Джакомо Пуччини. 1858-1924 [Текст]: Өмир ҳәм дөретиўшилик очерки: Жас өспиримлер ушын китап / Т. Г. Келдыш. - Л.:
Ленинград, 1962 - 88 б.: ил.

**Интернет сайтлары:**
https://ru.wikipedia.org/wiki/Пуччини,_Джакомо
https://www.belcanto.ru/puccini.html

# ЖЫРАЎШЫЛЫҚ ҲӘМ БАҚСЫШЫЛЫҚ МИЛЛИЙ МИЙРАСЫМЫЗ

**К.А.Турдиев -** *доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты*
*Нөкис филиалы «Халық дөретиўшилиги» факультети деканы*

*«Бизиң ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы тарийхымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы бабаларымыз бар. Ҳәўес етсе арзыйтуғын бийбаҳа байлықларымыз бар. Мен исенемен, несип етсе, ҳәўес етсе арзыйтуғын уллы келешегимиз, уллы әдебиятымыз ҳәм көркем өneримиз де, әлбетте, болады»*
**Ш.М.Мирзиёев**.

**Таянч сўзлар:** адабиёт, фольклор, санъат, импровизация, импровизатор, жиров, шоир, халқ қўшиғи.
**Ключевые слова:** литература, фольклор, импровизация, импровизатор, жырау, поэт.
**Key words:** literature, folklore, art, improvisation, improviser, zhyrau, poet.

Ҳәр бир миллеттиң өзине тән руўхый дүньясы, миллий мәденияты, көркем әдебияты, сазы, сәўбети болады. Булардың ҳәр бири өз алдына ғәзийне. Көп жыллық тарийхымызға көз жуўыртып қарағанымызда ең әййемги дәўирлерден баслап-ақ, түркий тиллес халықлар бир-бири менен тығыз байланыста жасап, олардың әдебияты, мәденияты, саз-сәўбети бир-бирине жүдә жақын болып келгенлигиниң гүўасы боламыз. Қарақалпақ, өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен халықлары тәрепинен дөретилген оғада терең мазмунлы дәстанлар, әдебий шығармалар, ойынлар, қосықлар, халық намалары ҳ.т.б.лар өзине тән өзгешеликлерге ийе болып, олар усы халықлардың арзыў-әрманларын, мақсет-нийетлерин, үрп-әдет дәстүрлери менен қайғы ҳәм қуўанышларын сәўлелендиреди.

Әсиресе, тарийхы узақ әсирлерге барып тақалатуғын қарақалпақ халқы өзиниң тәкирарланбас мәденияты ҳәм көркем өнери менен басқа халықлардан ажыралып турады. Бизиң эрамыздың биринши әсирине тийисли әжайып мәдений естеликлердиң бири болған «Айыртам»нан Уд әсбабы, «Топыраққала»дан (1946-жылы) «Арфа» шертип турған қыздың тасқа ойылған мүсини ҳәм 1947-жылы және сол жерден дуўтарға уқсас еки тарлы әсбапты услап турған қыздың мүсинин еслететуғын тасқа ойылған фрагментлердиң табылыўы, халқымыздың сол дәўирлерде де үлкен музыка мәдениятына ийе болғанлығынан дерек береди.

Неше әсирлер бойы өз мәдениятын, әдебиятын, көркем өнерин ушығаныӊ қыйқымындай сақлап киятырған халқымыздың бақсышылық, жыраўшылық, қосықшылық, театр, хореография көркем өнерлери, улыўма қарақалпақ миллий көркем өнери ҳәм мәдениятының раўажланыўы, оның бүгингидей профессионал дәрежеге жетиўи узақ әсирлерге барып тақалады. Әлбетте, көркем өнер ҳәм мәдeният ҳаққында сөз еткенимизде бул тараўдың қаншелли бай ҳәм қүдиретли күш екенлигин терең түсинемиз. Өйткени, ҳәр бир елдиң даңқын дүньяға танытыўда, ҳәр бир халықтың өзлигин аңлаўында оның миллий мәденияты менен көркем өнери айрықша орын ийелейди.